



Fason pou Aplike pou Konpansasyon

Kiyès ki kapab aplike pou konpansasyon?

Moun ki viktim zak kriminèl, kèk fanmi pwòch, moun ki sou kont lòt moun, responsab legal, ak Bon Samariten ki kalifye kapab aplike nan Biwo Sèvis pou Viktim nan (Office of Victim Services, OVS) pou jwenn konpansasyon pou depans san pwoteksyon ki sot nan pòch yo oswa pou lòt resous.

Pou ki kalite depans mwen kapab jwenn konpansasyon?

OVS bay konpansasyon ki gen rapò ak blesi pèsonèl, lanmò epi byen pèsonèl esansyèl yon moun pèdi.

Depans byen presi OVS yo kapab bay garanti pou:

- Depans medikal, famasi ak konsèy.
- Byen Pèsonèl Esansyèl ki pèdi (*jiska \$500, san wete \$100 pou lajan kach*)
- Depans pou Antèman oswa Fineray (*jiska \$6,000*)
- Salè oswa Sipò ki Pèdi (*jiska \$30,000*) (*Paran oswa responsab legal timoun ki minè ki entène lopital yo kapab kalifye pou avantaj sa a.*)
- Transpò (tribinal/medikal)
- Reyabilitasyon Pwofesyonèl/Travay
- Aparèy pou Sekrite ak Depans pou Abri DV
- Netwayaj sèn krim (*jiska \$2,500*)
- Byen materyèl Bon Samariten an pèdi (*jiska \$5,000*)
- Depans pou demenajman (*jiska \$2,500*)

Kijan pou mwen mande konpansasyon?

Voye aplikasyon OVS ou a ki ranpli ban nou ansanm ak kopi:

- Rapò lapolis yo
- Fakti medikal
- Lèt konpayi asirans yo voye oswa plan avantaj ki di si yo ap bay garanti pou sa ou pèdi yo
- Kat asirans
- Resi pou byen pèsonèl esansyèl
- Sètifikasi Lanmò ak kontra antèman
- Sètifikasi nesans viktim nan
- Prèv laj (lisans chofè, sètifikasi nesans, elatriye)
- Dokiman ki gen rapò ak responsab legal la

E si mwen pa gen kèk nan dokiman OVS bezwen yo?

Voye aplikasyon ou an san pèdi tan. Ou kapab voye lòt dokiman yo pita.

E si byen mwen an te pèdi, andomaje oswa detwi akoz krim nan?

Si ou gen mwens pase 18, 60 lane oswa plis, ou andikape oswa ou blese, ou kapab aplike pou jwenn avantaj pou ranplase byen pèsonèl esansyèl ou yo oswa lajan kach okenn lòt resous pa garanti.

Esansyèl vle di sa ki nesesè pou sante ak byennèt ou, tankou linèt ak rad ou yo.

E si mwen demenaje?

Voye yon lèt ki siyen bay OVS san pèdi tan. Fè nou konn nouvo adrès ak nimewo telefòn ou. Epitou, fè nou konnen si adrès imèl ou chanje.

Kiyès ki kapab siyen reklamasyon an?

An jeneral, se viktim nan ki dwe siyen reklamasyon an. Sepandan, si viktim nan poko gen 18 lane, oswa fizikman oswa mantalman li pa kapab siyen, lè sa a, responsab legal la (moun ki ap resevwa avantaj yo) dwe ranpli seksyon 2 ki nan reklamasyon an epi li dwe siyen li.

Si viktim nan mouri, moun ki ap mande avantaj yo dwe ranpli seksyon 2 ki nan reklamasyon an epi li dwe siyen li.

Èske gen yon lòt fason pou aplike?

Wi. Ale sou ovs.ny.gov pou ou gen aksè ak Pòtay Sèvis pou Viktim ki sekirize a (VSP) epi ranpli yon aplikasyon anliy.

Èske mwen dwe ranpli fòm HIPPA ki vin ak dokiman an?

Wi. Ranpli yon fòm HIPAA pou **chak** founisè sèvis. Ou kapab fè fotokopi yon fòm ki blanch pou fè plis kopi.

80 S. Swan Street
Albany, NY 12210-8002
(518) 457-8727

55 Hanson Place
Brooklyn, NY 11217-1523
(718) 923-4325

ovs.ny.gov

800-247-8035

Enfòmasyon sou Dedomajman Tribunal Òdone

Kisa yon dedomajman ye?

Dedomajman an se yon konpansasyon moun ki te fè yon zak kriminèl peye yon viktim pou sa viktim nan te pèdi oswa blesi li te genyen akoz zak kriminèl la. Se tribunal la ki dwe bay lòd la nan moman yo ap bay santans lan, epi yo konsidere li kòm yon pati nan santans lan.

Dedomajman an **PA** la pou peye domaj pou sa moun kapab pèdi alavni, pou soufrans mantal oswa "doulè ak soufrans."

Lè biwo Pwokirè Distri a (DA) fè Tribunal la konnen ou te mande dedomajman oswa lè deklarasyon viktim nan ki nan rapò ankèt pou liberasyon sou kondisyon an (rapò anvan santans, anvan pledwaye, oswa anvan dispozisyon) montre viktim nan mande dedomajman, tribunal la dwe òdone yon dedomajman sof si yo deside yon lòt bagay nan enterè lajistis. Lè jij la pa òdone dedomajman an, jij la dwe esplike rezon li yo byen klè nan dosye a.

Kisa mwen kapab mande kòm dedomajman?

Ou kapab mande ranbousman pou nenpòt depans ou te fè akoz zak kriminèl la – menm pou atik OVS kapab pa ranbouse yo. Nan dedomajman an kapab gen, san se pa sa sèlman, ranbousman pou fakti medikal, depans pou konsèy, salè ou pèdi, depans pou antèman, franchiz pou asirans ak ranplasman byen yo vòlè oswa ki andomaj.

Kiyès ki gen dwa pou jwenn dedomajman?

Nenpòt moun ki te viktim yon zak kriminèl epi ki te soufri akoz blesi, ki fè pèt oswa domaj nan domèn ekonomik kapab mande dedomajman. Anpil fwa, viktim ki merite dedomajman yo konn pa mande li. Sa kapab rive paske viktim yo pa konnen si yo gen dwa pou jwenn dedomajman, oswa yo pa konnen etap yo dwe suiv pou yo resevwa dedomajman yo merite a.

Kijan pou mwen mande dedomajman?

Ou dwe kontakte biwo DA a epi fè yo konnen dimansyon blesi ou a, sa ou pèdi ki soti nan pòch ou ansanm ak kantite dedomajman ou mande a.

Se responsabilite ou pou ou bay lapolis, DA epi, si li mande sa, depatman lokal pou libète sou kondisyon an, kopi fakti ak lòt dokiman ki montre dimansyon blesi ou yo, sa ou pèdi ki soti nan pòch ou ak kantite dedomajman ou vle pou Tribunal la konsidere a. Yo ap mete reklamasyon ou fè pou dedomajman an nan nenpòt rapò ankèt libète sou kondisyon an (rapò anvan santans, anvan pledwaye, oswa anvan dispozisyon) Asire w ou:

- Konsève dokiman ki egzak yo tankou resi orijinal yo pou nenpòt depans ou te fè ki gen rapò dirèk ak zak kriminèl la.
- Bay lapolis, DA ak Depatman lokal pou libète sou kondisyon an kopi resi sa yo.

Ou dwe eksplike DA, avoka viktim/temwen an, ak depatman pou libète sou kondisyon an sa ou bezwen kòm dedomajman an byen klè kou sa posib. Akò pou pledwaye a kapab parèt nan jou ki vini apre zak kriminèl la. Si yo pa bay enfòmasyon sa a anvan akò pou pledwaye a ak santans lan, ou kapab oblige rele moun ki fè zak kriminèl la devan yon Tribunal Sivil.

DA gen obligasyon pou mande Tribunal la bay lòd pou yo ba ou dedomajman.

Nan tout zafè kriminèl ki grav, anpil dosye kriminèl ki pa twò grav ak tout delenkans jivenil ak moun ki bezwen sipèvizon (PINS), gen obligasyon pou gen yon rapò ankèt anvan santans oswa anvan dispozisyon. Depatman lokal pou libète sou kondisyon an ap kontakte ou sou kesyon dedomajman an nan kad dosye ou a.

Kijan yo detèmine dedomajman an?

Montan dedomajman an baze sou prèv ou bay pou bagay ou pèdi akoz zak kriminèl ki te fèt la. Moun ki fè zak kriminèl la gen dwa pou pa dakò ak montan dedomajman an. Tribunal la kapab fè yon odyans sou kesyon dedomajman an kote Tribunal la kapab egzamine kapasite moun ki fè zak la genyen pou li peye. Biwo DA a kapab kontakte ou epi mande w temwaye nan odyans pou dedomajman an. Si ou gen enkyetid pou parèt pèsonèlman nan Tribunal la, ou dwe chèche lòt posibilité ansanm ak DA ki asiyen sou dosye ou a.

Si OVS te peye fakti ou yo, Tribunal la kapab bay lòd pou yo peye OVS dedomajman pou atik sa yo li te peye a. Li enpòtan pou ou fè Biwo DA a konnen ou te depoze yon reklamasyon nan OVS.

Si ou te depoze yon reklamasyon nan OVS, li enpòtan pou ou fè OVS konnen si Tribunal bay moun ki fè zak la lòd pou peye dedomajman.

Li
 Fason pou Aplike
 pou Konpansasyon
 anvan ou
 Ranpli fòm sa a.

Aplikasyon pou Konpansasyon Biwo Sèvis pou Viktim nan Eta New York

Tanpri enprime. Reponn tout kesyon yo.
 Se yon krim sa ye pou depoze yon fo reklamasyon!



Pou Itilizasyon Pwogram Asistans pou Viktim yo Sèlman

#ID OVS VAP	Non/Telefòn Pwogram nan	Non/Imèl Defansè a
-------------	-------------------------	--------------------

1. Di nou kèk bagay sou viktим nan.

Siyati	Non:	Dezyèm Non	Nimewo Sekirite Sosyal <input type="checkbox"/> Tcheke la a si ou pa gen youn	Dat Nesans
--------	------	------------	--	------------

Adrès Postal:

Ri		# Apatman (oswa Bwat Postal)	Vil:	Konte:	Eta (oswa Peyi Etranje)	Kòd Postal
----	--	------------------------------	------	--------	-------------------------	------------

Ras/Orijin Etnik: Bian Nwa Ispanik Endyen Ameriken/Moun Alaska Natifnatal Endyen Azi Chinwa Japonè Filipyen Koreyen
Vietnamyen Benggladè Pakistanè Gwamanyan Chamorro Samowan Moun Away Natifnatal Lòt Plizyè Ras

Eta Civil: Selibatè Marye Divòse Separe Vèv/Vèf Viv nan Plasaj

Sèks: Gason Fi X

Èske viktим nan te andikape nan moman krim nan?

Wi Non Pa Konnen

Ki fason ou te tande pale konsènan Biwo Sèvis pou Viktim yo pou premye fwa?

Lapolis Lopital Pwokirè Distri Pwogram Èd pou Viktim Radyo/Televizyon Bwochi/Postè Entènèt Lòt

2. Si se pa ou ki viktим nan, epi ou siyen reklamasyon sa a, ou se moun ki fè reklamasyon an. Di nou kèk bagay sou ou. (Gade "Kiyès ki kapab siyen reklamasyon an?" nan paj enstriksyon yo.)

Siyati	Non	Dezyèm Non	Nimewo Sekirite Sosyal <input type="checkbox"/> Tcheke la a si ou pa gen youn	Dat Nesans
--------	-----	------------	--	------------

Adrès Postal:

Ri	# Apatman (oswa Bwat Postal)	Vil	Konte	Eta (Oswa Peyi Etranje)	Kòd Postal
----	------------------------------	-----	-------	-------------------------	------------

Ki relasyon ou gen ak viktим nan? (Tcheke youn (1) **sèlman**)

Paran Mari/Madanm Pitit Responsab Legal Avoka Lòt (Eksplike) _____

3. Di nou kèk bagay sou krim nan. (Tcheke youn (1) **sèlman**.)

Viktим nan te mouri akòz:

Machin ak Motè (DUI/DWI)
Machin ak Motè (Lòt)
Teworis
Ensandi Kriminèl
Trafik Moun
Lòt Omisd

Viktим nan te blese akòz:

Agresyon Asèlman
Agresyon Seksyèl Kidnapin
Vyolans Fizik/Neglijans sou Timoun Teworis
Abi Seksyèl sou Timoun Ensandi
Machin ak Motè (DUI/DWI) Kriminèl
Machin ak Motè (ki pa DUI/DWI) Vòl
Pònografi Timoun Trafik
Moun
Lòt (Esplike):_____

Viktим nan te pèdi byen pèsonèl esansyèl li akòz:

Kanbriyolaj Ensandi Kriminèl
Machin ak Motè (DUI/DWI) Kriminèl Mefè
Machin ak Motè (ki pa DUI/DWI) Fwod/Finansyè
Trafik Moun Krim
Vòl (pa gen blese) Lòt (Esplike):_____

Ki kote krim nan te fèt? (Tcheke youn (1) **sèlman**) Travay Rezidans ou Posede Apatman Bilding Lari Piblik

Metwo/Bis Pakin Restoran/Ba Lekòl/Teren lekòl Sant Komèsyal Lòt (Esplike):_____

Èske se yon krim ki te gen rapò ak vyolans domestik?..... Wi Non Pa Konnen

Èske se yon krim ki te gen rapò ak asèlman?..... Wi Non Pa Konnen

Èske se yon krim ki te gen rapò ak maltrete/neglige gramoun?..... Wi Non Pa Konnen

Èske se yon krim ki te gen rapò ak lahèn?..... Wi Non Pa Konnen

Èske viktим nan t ap kondui yon taksi nan moman krim nan te fèt la?..... Wi Non Pa Konnen

Èske byen viktим nan te pèdi oswa andomaje pandan li t ap eseye anpeche oswa kanpe yon krim?.... Wi Non

Rapò Krim nan: _____ Lapolis oswa ajans jistis kriminèl yo voye rapò a bay la: _____
 Konte kote krim nan te fèt la: _____ Dat krim nan: _____ Dat yo te rapòte krim nan: _____
 Si gen plis pase 7 jou ki pase ant dat krim nan te fèt la ak dat yo te rapòte krim nan, eksplike poukisa: _____
 Si gen plis pase 1 lane ki pase ant dat krim nan te fèt la ak dat ou depoze reklamasyon sa a, eksplike poukisa: _____
 Esplike krim nan ak pwòp mo pa ou: _____

4. Di nou kèk bagay sou prezime a. Non prezime a (si ou konnen li): _____

Èske yo te arete prezime a pou krim sa a?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non	
Èske yo te kondane prezime a pou krim sa a?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Yo Poko
Èske prezime a ap viv nan menm kay ak viktим nan OSWA èske prezime a se yon manm fanmi viktим nan?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non	
Èske tribunal la te bay yon lòd pou pwoteksyon nan dosye sa a?	<input type="checkbox"/> Wi	• Non (Si se Wi, bay yon kop)	
Èske DA te mande tribunal la bay lòd pou dedomajman?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Li Poko
Èske tribunal la te bay prezime a lòd pou peye dedomajman?	<input type="checkbox"/> Wi (Montan \$ _____)	<input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Li Poko

NÒT – Si ou kalifye pou konpansasyon, OVS kapab bay ranbousman pou depans yo site anba a. Yo dwe mande atik sa yo tou nan kad lòd pou dedomajman tribunal la bay. Nou ankouraje aplikan yo pou yo fè pwokirè yo jwenn enfòmasyon sa yo si se yon zak kriminèl. Gade paj Enfòmasyon sou Lòd Tribunal la Bay pou Dedomajman an pou ou jwenn enfòmasyon enpòtan sou dedomajman.

5. Di nou kèk bagay sou depans ou fè ki gen rapò ak krim sa a. (Tcheke tout sa ki aplikab yo.)

<input type="checkbox"/> Medikal/Anbilans	<input type="checkbox"/> Pèdi Sipò (Reklamasyon pou Lanmò Sèlman)	<input type="checkbox"/> Salè ki Pèdi	<input type="checkbox"/> Transpò Pèsònèl
<input type="checkbox"/> Netwayaj Sèn Krim		<input type="checkbox"/> Abri DV	<input type="checkbox"/> Medikal/Konsèy
<input type="checkbox"/> Aparèy/Sistèm Sekirite	<input type="checkbox"/> Pwofesyonèl/Reyabilitasyon	<input type="checkbox"/> Demenajman/Estokaj	<input type="checkbox"/> Tribunal
<input type="checkbox"/> Konsèy	<input type="checkbox"/> Fineray/Antèman	<input type="checkbox"/> Byen Pèsònèl Esansyèl	<input type="checkbox"/> Pèt nan domèn Ekonomik
<input type="checkbox"/> Lòt (Esplike): _____			

6. Site nenpòt byen pèsònèl esansyèl, tankou lajan kach, linèt, oswa rad ou bezwen ranplase akoz krim sa a.
 (Si pa genyen, ale nan 7.)

Dekri sa ki te pèdi/andomaje a:	Depans	Dekri sa ki te pèdi/andomaje a:	Depans
1.	\$	4.	\$
2.	\$	5.	\$
3.	\$	6.	\$

Konpayi Asirans Pwopriyetè/Lokatè	# Kontra oswa Idantifikasyon	Franchiz
		\$
Machin/Lòt Konpayi Asirans	# Kontra oswa Idantifikasyon	Franchiz
		\$

-- Si pa gen blese epi ou sèlman ap mande avantaj pou byen pèsònèl esansyèl, ale nan 15. —

7. Di nou kèk bagay sou travay viktим nan oswa paran li ak sou asirans pou Salè ki Pèdi yo.
 Si ou pa vle nou kontakte patwon w, ou pa kapab mande ranbousman pou Salè ki Pèdi yo (Ale nan 8.)

Èske viktим nan/paran viktим ki minè ki entène lopital la t ap travay lè krim nan te fèt la? Wi Non (Si se Non, ale nan 8)
 Èske viktим nan/paran viktим ki minè ki entène lopital la te rate jou travay akoz krim nan? Wi Non
 Èske viktим/paran an ap travay ak tèt li? Wi Non (Si se wi, ajoute kopí dènye ane deklarasyon revni an ak tout anèks yo.)

Non, Adrès, ak Nimewo Telefòn Patwon an:

Patwon	Ri	Vil	Eta	Kòd Postal	Nimewo Telefòn
--------	----	-----	-----	------------	----------------

Lòt Non, Adrès, ak Nimewo Telefòn Patwon an:

Patwon	Ri	Vil	Eta	Kòd Postal	Nimewo Telefòn
--------	----	-----	-----	------------	----------------

Non, Adrès, ak Nimewo Telefòn doktè ki sètifye viktim nan pa kapab al travay la:

Doktè	Ri	Vil	Eta	Kòd Postal	Nimewo Telefòn
-------	----	-----	-----	------------	----------------

Di nou kék bagay sou konpayi asirans ki pral bay garanti asirans pou sa viktim nan pèdi nan travay li. (Si pa genyen, ekri "Okenn" anba a epi ale nan 8.)

# Kontra oswa Idantifikasiyon "Okenn"		# Kontra oswa Idantifikasiyon "Okenn"	
1. Asirans pou Chomaj		5. Konpansasyon Travayè	
2. Asirans pou Andikap		6. Lòt Asirans	
3. Plan pou Pansyon		7. Avantaj Sekirite Sosyal (SSN obligatwa)	SSN _____ - _____ - _____
4. Lòt Asirans		8. Avantaj SSI (SSN obligatwa)	SSN _____ - _____ - _____

8. Si viktim nan mouri, ranpli pati anba a si w gen nenpòt depans pou antèman. (Si pa genyen, Ale nan 9)

Epitou, ajoute yon kopi kontra ak ponp finèb la, lòt fakti pou depans antèman an, ak yon fotokopi Sètfika Lanmò a, si w genyen yo.

Non Ponp Finèb la: _____ # Telefòn: (_____) _____

Adrès: _____
 Ri _____ Vil _____ Eta _____ Kòd postal _____

9. Si viktim nan te blese oswa li mouri akoz krim sa a, ranpli sa ki anba a.

Fè yon ti pale tou kout sou blese a: _____

Èske viktim nan te resevwa yon tretman medikal? Wi Non (Si se **Non**, Ale nan seksyon 10)

Di nou kék bagay sou pwofesyonèl swen sante ki te trete viktim nan nou blesi ki gen rapò ak krim sa a:

Non Konplè	Adrès Konplè	Nimewo Telefòn
Premye Lopital	_____	(_____) _____
Lòt Lopital	_____	(_____) _____
Premye Doktè (pa nan lopital)	_____	(_____) _____
Lòt Doktè	_____	(_____) _____
Premye Dantis	_____	(_____) _____
Konseye Viktim nan	_____	(_____) _____

10. Di nou kék bagay konsènan moun ki sou kont viktim nan oswa lòt moun ki sou kont viktim nan pou jwenn sipò yo. (Si pa genyen, Ale nan 11)

Moun ki sou Kont li	Non _____ - _____ - _____	Nimewo Sekirite Sosyal _____ - _____ - _____	Dat Nesans	Relasyon ak Viktim nan
	Adrès			Èske ou se yon responsab legal? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Lòt Moun ki sou Kont li	Non _____ - _____ - _____	Nimewo Sekirite Sosyal _____ - _____ - _____	Dat Nesans	Relasyon ak Viktim nan
	Adrès			Èske ou se yon responsab legal? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Lòt Moun ki sou Kont li	Non _____ - _____ - _____	Nimewo Sekirite Sosyal _____ - _____ - _____	Dat Nesans	Relasyon ak Viktim nan
	Adrès			Èske ou se yon responsab legal? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

Si gen plis pase 3 moun ki sou kont li, ajoute yon fèy apa epi tcheke la a

11. Èske gen lòt moun anplis viktим nan ki resevwa konsèy akoz krim sa a? (Si pa genyen, Ale nan 12)

Kiyès ki te resevwa konsèy la?	Relasyon ak Viktим nan	Fakti konpayi asirans lan pou konsèy	# Kontra oswa Idantifikasyon
Non, adrès, ak nimewo telefòn konseye a:			
Ki lòt moun ki te resevwa konsèy?	Relasyon ak Viktим nan	Fakti konpayi asirans lan pou konsèy	# Kontra oswa Idantifikasyon
Non, adrès, ak nimewo telefòn konseye a:			

Si gen plis pase 2 moun ki te resevwa konsèy akoz krim sa a, tcheke la a epi ajoute yon fèy apa pou ou eslike sa

12. Site nenpòt pwoteksyon asirans viktим nan oswa moun ki sou kont viktим nan genyen. Si pa gen asirans, ekri "Okenn" anba a. Si ou te aplike men ou poko jwenn pwoteksyon an, ekri "Annatant" anba # Kontra oswa Idantifikasyon an.

Prensipal Konpayi Asirans	# Kontra oswa Idantifikasyon	Non moun asirans sa a pwoteje:
Pi Gwo Konpayi Asirans Medikal		
Lòt Asirans (Sendika, Dantè, Zye, elatriye)		
Medicare		
Medicaid		
Konpansasyon Travayè		
Asirans pou Machin		
Lòt asirans		

13. Si viktим nan mouri, di kèk bagay sou nenpòt asirans vi oswa avantaj pou lanmò.

(Si viktим nan pa mouri, oswa li pa gen okenn asirans vi oswa avantaj pou lanmò, ale nan 14.)

Non Konpayi a	Adrès	# Telefòn	# Kontra oswa Idantifikasyon
Asirans Vi		()	
Plan pou Pansyon		()	
Lòt Asirans/Plan		()	
Medicaid		()	
Konpansasyon Travayè		()	

Si gen nenpòt lòt asirans oswa avantaj pou lanmò, mete yo la a: _____

Èske gen nan kontra sa yo ki bay pwoteksyon pou depans antèman viktим nan? Wi Non

Èske gen yon moun ki te aplike pou Avantaj pou Lanmò nan Sekirite Sosyal la? Wi Non

14. Di nou kèk bagay sou sitiyasyon finansyè ou. Ou DWE reponn TOUT seksyon ki anba a. Si pa genyen, mete zewo (0). Konbyen moun ki sou kont ou? _____

Ki revni total ou chak ane (ki sòti nan TOUT sous)? Si w pa sèten, bay yon estimasyon: \$ _____

Site TOUT byen ak TOUT dèt ou genyen anba a. Si w pa sèten, bay yon estimasyon. Ajout lòt paj anplis, si sa nesesè.

Byen ou yo – Si pa genyen, met zewo (0).	Dèt ou yo – Ki kantite ou dwe kounye a?		
Ekonomi, estòk, obligasyon	\$		Si pa genyen, mete zewo (0).
Byen reyèl (kay, elatriye)	\$	Ipotèk	\$
Pwodui ki sòti nan asirans vi	\$	Prè	\$

15. Èske se yon avoka prive (pa DA) ki ap reprezante ou? Wi Non
Si se Wi:

Si se Wi:

Non

Adrès

Telefòn Ayoka a

16. Otorizasyon pou pale avèk reprezantan

Si ou vle bay yon manm fanmi, zanmi oswa lòt moun otorizasyon pou pale ak OVS konsènan reklamasyon ou an, mete la a:

Non

Adr s

Telefòn Moun nam

17. Otorizasyon Viktim/Moun ki fè Reklamasyon an

MWEN REKONÈT lè mwen aksepte yon rekonpans nan Biwo Sèvis pou Viktim yo (OVS), sa kreye yon privilège ki nan avantaj Eta New York sou nenpòt gerizon ki gen rapò ak krim reklamasyon sa a baze sou li a, san wete nenpòt jjiman, règleman, oswa pèman yon lòd pou dedomajman. Mwen bay nenpòt direktye ponp finèb, avoka, patwon, lapolis, oswa lòt otorite piblik, konpayi asirans, oswa nenpòt moun ki te rann sa yo site anwo a sèvis, oswa ki konnen yo, otorizasyon pou yo bay OVS oswa reprezantan li yo enfòmasyon ki vin apre yo: Dosye Konpansasyon Travayè, enfòmasyon ki gen rapò ak krim nan, oswa nenpòt blesi oswa lanmò ki rive akoz krim nan, epi enfòmasyon ki gen rapò ak reklamasyon sa a. Si yo bay yon rekonpans, mwen otorize OVS pou fè pèman an dirèkteman bay founisè sèvis yo. Epitou, mwen bay OVS otorizasyon pou voye enfòmasyon ak dosye yo konpile sou mwen pou reklamasyon sa a, bay Pwogram Èd pou Viktim lokal (VAP) ki site nan aplikasyon sa a oswa nenpòt ajans gouvènman lokal nan Eta New York ki la pou ede moun ki viktim krim yo yon fason pou VAP oswa ajans gouvènman lokal la ede OVS trete reklamasyon mwen an, epi pou li pran desizyon. Si mwen deziyen yon avoka prive anwo a, mwen bay OVS otorizasyon tou pou li voye enfòmasyon ak dosye yo konpile sou mwen pou reklamasyon sa a bay avoka a, yon fason pou li aji antanke reprezantan mwen. Mwen konprann li ap nesesè pou avoka mwen an voye yon Avi Aparisyon Separe amplis otorizasyon sa a. Si mwen deziyen yon manm fanmi, zanmi, oswa yon lòt moun anwo a, mwen bay OVS otorizasyon pou li voye enfòmasyon ak dosye yo konpile sou mwen pou reklamasyon sa a bay moun sa a yon fason pou li ede mwen nan reklamasyon sa a.

Yo dwe konsidere yon fotokopi otorizasyon sa a gen menm valè ak orijinal la.

A small black arrow pointing to the right, indicating a continuation or next step.

Siyati Moun ki fè Reklamasyon an

Dat

()

Telefòn pou Lajounen

Imèl:

Lang ou prefere parle: Anglè Espanyòl Chinwa

Arab Kreyòl Ayisyen Italianen Koreyen Ris Yidich
Bengali Fransè Ouidou

Ou Bezwèn Entreprèt: Wi Non

Lot:

Pou nou trete reklamasyon ou an, voye dokiman ki vin apre yo pa lapòs pou nou. (Kenbe yon kopí pou dosye ou.)

- Tout fakti ak resi pou sèvis yo site nan fòm sa a.
 - Fòm reklamasyon ou an ki ranpli epi ki siyen
 - Yon fòm HIPAA ki ranpli pou chak founisè sèvis yo te site nan fòm sa a (Ou kapab fè fotokopi fòm HIPAA a.)
 - Lèt nenpòt konpaví asirans vove pou refize oswa otorize pèman pou sèvis yo site nan fòm sa a.

Sonje sa: Ou dwe vove fakti bay konpavi asirans oswa plan avantaj ou an **anvan** pou OVS kapab peye.

Voye dokiman ou yo pa lapòs nan: New York State Office of Victim Services
AE Smith Building
80 S. Swan Street
Albany, NY 12210-8002



OTORIZASYON POU PIBLIYE ENFÒMASYON SOU SANTE NAN KAD HIPAA
[Se Depatman Sante Eta New York la ki te apwouve fòm sa a]

Non Pasyan an	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal XXX-XX-
Adrès Pasyan an		

Mwen, oswa reprezantan mwen otorize a, mande pou pibliye enfòmasyon sou sante ak tretman mwen yo jan mwen endike sa nan fòm sa a:
 Sou baz Lwa nan Eta New York ak Lwa 1996 sou Règ Konfidansyalite Transferabilite ak Responsablitè Asirans Sante a (Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996, HIPAA), mwen konprann:

1. Nan otorizasyon sa a, kapab gen pibliye enfòmasyon ki gen rapò ak **ABI SOU ALKÒL** ak **DWÒG, TRETMAN SANTE MANTAL**, eksepte nòt sikoterapi yo, ak **ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL KI GEN RAPÒ AK VIH*** sèlman si mwen mete inisyal mwen nan liy apwopriye ki nan Pwen 9(a). Nan ka kote enfòmasyon sou sante yo dekri anba a gen nenpòt nan kalite enfòmasyon sa yo, epi mwen mete inisyal mwen nan liy ki nan kare ki nan Pwen 9(a), mwen bay otorizasyon byen presi pou yo pibliye enfòmasyon sa yo bay moun ki endike nan Pwen 8 la
2. Si mwen bay otorizasyon pou pibliye enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, tretman pou dwòg oswa alkòl, oswa enfòmasyon sou tretman sante mantal, moun ki resevwa enfòmasyon sa yo pa kapab pibliye yo san otorizasyon mwen, sof si lwa federal oswa lwa ki nan Eta a pèmèt li fè sa. Mwen konprann mwen gen dwa pou mande yon lis moun ki kapab resevwa oswa itilize enfòmasyon mwen yo ki gen rapò ak VIH san otorizasyon. Si mwen sibi diskriminasyon paske yo pibliye oswa devwale enfòmasyon ki gen rapò ak VIH/SIDA, mwen kapab kontakte Divisyon Dwa Moun Eta New York la nan (212) 480-2493 oswa Komisyon pou Dwa Moun nan Vil New York la nan (212) 306-7450. Ajans sa yo gen responsablitè pou pwoteje dwa mwen yo.
3. Mwen gen dwa pou mwen anile otorizasyon sa a nenpòt moman lè mwen ekri pwofesyonèl swen sante ki site anba a. Mwen konprann mwen kapab anile otorizasyon sa a sof nan sitiyasyon kote yo te deja fè aksyon sou baz otorizasyon sa a.
4. Mwen konprann se mwen ki pou chwazi siyen otorizasyon sa a. Trètman, pèman, enskripsyon nan yon plan sante, oswa kalifikasyon mwen pou avantaj p ap gen rapò ak otorizasyon mwen bay pou yo pibliye a.
5. Moun ki resevwa enfòmasyon yo pibliye sou baz otorizasyon sa a kapab pibliye yo ankò (eksepte jan sa ekri anwo a nan Pwen 2 a), epi lwa federal oswa lwa ki nan Eta a kapab pa bay pwoteksyon poutèt yo pibliye li ankò.

6. **OTORIZASYON SA A PA BA OU OTORIZASYON POU PALE KONSÈNAN ENFÒMASYON SOU SANTE OSWA SWEN MEDIKAL MWEN AVÈK OKENN LÒT MOUN KI PA AVOKA OSWA AJANS BYEN PRESI NAN GOUVÈNMAN AN KI ENDIKE NAN PWEN 9 (b).**
7. Non ak adres founisè sante oswa ajans ki pibliye enfòmasyon sa a:

8. Non ak adres moun (yo) oswa kategori moun yo pral voye enfòmasyon sa a bay la:

NYS OFFICE OF VICTIM SERVICES – AE SMITH BLDG., 80 S. SWAN ST., ALBANY, NY 12210-8002

- 9(a). Enfòmasyon byen presi pou pibliye:

- Dosye Medikal apati (mete dat la) _____ pou rive (mete dat la) _____
 Dosye Medikal Konplè, tankou antedesan pasyan an, nòt biwo a (eksepte nòt sikoterapi yo), rezulta tès, etid radyoloji, fim, rekòmandasyon, konsiltasyon, dosye fakti, dosye asirans, ak dosye lòt pwofesyonèl swen sante yo voye pou ou.
 Lòt: _____

Tankou: (Mete Inisyal ou pou Endike)

Tretman pou Alkòl/Dwòg

Enfòmasyon sou Sante Mantal

Enfòmasyon ki gen Rapò ak VIH

Otorizasyon pou Pale sou Enfòmasyon Sante

- (b) Lefètke mwen mete inisyal mwen la a _____ Mwen otorize _____
 Inisyal _____ Non pwofesyonèl swen medikal moun nan

pou pale konsènan enfòmasyon sou sante mwen ak avoka mwen an, oswa yon ajans nan gouvènman an, ki site la a:

BIWO SÈVIS POU VIKTIM NAN ETA NEW YORK

(Non Avoka/Kabinè oswa Non Ajans nan Gouvènman an)

10. Rezon pou pibliye enfòmasyon yo:

Si moun nan mande sa nan objektif pou etabli kalifikasyon pou jwenn avantaj nan Biwo Sèvis pou Viktim nan Eta New York la.

11. Dat oswa evènman kote otorizasyon sa a pral eksplise:

Otorizasyon sa a ap eksplise nan fen kalifikasyon moun nan pou jwenn avantaj nan Biwo Sèvis pou Viktim yo.

12. Si se pa pasyan an, mete non moun ki siyen fòm nan:

13. Otorite pou siyen nan non pasyan an:

Mwen te ranpli tout pwen ki nan fòm sa a epi yo te reponn tout kesyon mwen te poze sou fòm sa a. Epitou, yo te ban mwen yon kopi fòm nan.

Dat: _____

Siyati pasyan an oswa reprezantan lalwa otorize a:

* **Viris iminodefisyans Imen ki lakòz SIDA. Lwa sou Sante Piblik nan Eta New York la pwoteje enfòmasyon ki kapab idantifye, yon fason rezonab, moun ki gen sentòm oswa ki enfekte nan VIH, ak enfòmasyon sou kontak yon moun.**